

Nimewo 4.10

**DEKRÈ EGZEKITIF**

**Kontinye Deklarasyon Ijans pou Katastwòf nan tout Eta a akòz mank nan pèsònèl pou swen sante nan Eta New York**

**KONSIDERE KE**, gen mank pèsònèl nan lopital ak nan lòt etablisman swen sante epi yo prevwa sa ap kontinye;

**KONSIDERE KE**, gwo mank pèsònèl nan lopital yo ak lòt sant swen sante yo ta dwe afekte kapasite pou kontinye bay swen enpòtan ak pou byen sèvi popilasyon vilnerab yo;

**KONSIDERE KE**, gen yon nesosite imedyà ak enpòtan pou konplete kantite pèsònèl la pou asire sant swen sante yo kapab bay swen;

**KIDONK KOUNYE A**, mwen menm, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York, konfòmeman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la te konfye mwen, avèk dokiman sa a, pwolonje eta dijans akòz katastwòf jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 4 la, jan sa kontinye nan Dekrè Egzekitif 4.9 la, epi kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispansyon yo ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 4 ak siksesè li yo jiska 29 jiyè 2022.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, nan ventnevyèm jou mwa jen ane  
de mil vennde.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a